

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan (Surakhmad, 1983:21). Dumasar kana tujuan anu baris dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif.

Méthode déskriptif mangrupa hiji méthode anu dina prakna henteu kawatesanan ku ngumpulkeun data wungkul, tapi ngawengku analisis, klasifikasi, jeung interprétasi (Winarno dina Eriswati, 1999:28), nya éta:

- 1) kamampuh ngagunakeun basa dina ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung;
- 2) éksprési dina ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung;
- 3) kamampuh maham eusi éta dongéng; jeung
- 4) kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.

3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh ngadongéng anu ngawéngku kumaha cara ngagunakeun basa, éksprési, jeung maham eusi anu aya dina dongéng.

3.1.2.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngalaksanakeun Tés

Tés gunana pikeun ngumpulkeun data keur ngukur kamampuh siswa dina ngadongéng, anu ngawengku kumaha cara makéna basa, éksprésina, jeung kumaha maham eusi nu aya dina dongéng. Dina prakna, siswa sacara bagilir dibéré pancén ngadongéng hareupeun kelas. Disadiaan opat dongéng (Si Kabayan Jadi Ménak, Si Kabayan Ngala Nangka, Si Kabaya Ngala Tutut, jeung Si Kabayan Ngadeupaan Lincar) sina dipilih.

3.1.2.2. Téhnik Ngolah Data

Tahapan dina ngolah data:

- a) Vérivikasi data, maksudna pikeun nyeléksi lengkep henteuna data anu dikumpulkeun.
- b) Méré skor kana data hasil tés kamampuh ngadongéng siswa. Sakumaha dina tabél 3.1 aya génep aspék meunteun. Jumlah skor tina unggal aspék mangrupa skor kotor, pikeun nangtukeun skor bersih atawa skor ahir ngagunakeun skala 100 kalawan rumus saperti di handap.

$$\text{Skor bersih} = \frac{\text{Skor nu kahontal}}{\text{Skor ideal}} \times 100$$

- c) Ngadéskripsikeun jeung napsirkeun data hasil tés anu diantarana nya éta dina:

- a. Kamampuh ngagunakeun basa dina ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung;
- b. Ékspresi dina ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung;
- c. Kamampuh maham eusi éta dongéng; jeung
- d. Kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.

3.2. Instrumén Panalungtikan

Arikunto (1998:134) nétélékeun yén instrumén téh nya éta *alat bantu yang dipilih dan digunakan oleh peneliti dalam kegiatannya mengumpulkan agar kegiatan tersebut menjadi sistematis dan dipermudah olehnya*. Ieu instrumén téh mangrupa pedoman meunteun kamampuh nyarita. Instrumén ieu digunakeun dua kali anu fungsina salaku alat tés. Arikunto (1998:223) ngajéntrékeun *untuk tés pencapaian , tujuan uji coba paling tidak adalah agar dari kegiatan tersebut dapat diketahui: validitas, reliabilitas, taraf kesukaran, daya pembeda dan pola jawaban (hanya untuk soal bentuk pilihan ganda)*.

Intstrumen anu dipake dina ieu panalungtikan nya éta tés, dina prakna sisiwa sacara bagilir di béré pancén ngadongéng hareupeun kelas. Disadiaan lima dongéng (Si Kabayan Jadi Ménak, Si Kabayan Ngala Nangka, Si Kabaya Ngala Tutut, jeung Si Kabayan Ngadeupaan Lincar) sina di pilih.

Kritéria nu dijadikeun patokan nya éta aspék ngagunakeun basa , ékspresi, jeung maham eusi. Pedoman meunteun nu salengkepna dina format dihandap.

TABÉL 3.1
KRITÉRIA MEUNTEUN KAMAMPUH NYARITA
(NGADONGÉNG)

Aspék anu dipeunteun	Skala peunteun					Skor
	5	4	3	2	1	
A. Ngagunakeun basa						
1. Ucapan (artikulasi)						
2. Lentong (tekanan, wirahma, randegan)						
B. Éksprési						
1. Ngajiwaan watek						
2. Réngkak/péta						
C. Maham eusi						
1. Ngajiwaan eusi						
2. Nafsirkeun eusi						
Jumlah						

Keterangan :

Skala Peunteun 5 = Alus Pisan

Skala Peunteun 4 = Alus

Skala Peunteun 3 = Cukup

Skala Peunteun 2 = Kurang

Skala Peunteun 1 = Kurang pisan

(Sudjana, 1991:77)

A. Ngagunakeun basa

1. Ucapan (artikulasi)

Aspék nu di peuneun nya éta jelas henteuna jeung luyu henteuna ngucapkeun fonem. Skala peunteunna nye éta saperti kieu.

5 = fonem jelas, serasi, teu aya kasalahan-kasalahan

4 = ucapan ampir teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.

3 = aya saeutik kasalahanartikulasi, tapi masih bisa di tarima.

2 = kasalahan artikulasi sering jeung jelas ngaganggu

1 = loba pisan kasalahan artikulasi.

2. Lentong

Aspék nu dipeunteun nya éta jelas henteuna lentong sarta luyu henteuna antara tekenan, wirahma, jeung randegan. Skala peunteunna nya éta:

5 = lentong jelas. Tina tekenan, wirahma, randegan sarasi, teu aya kasalahan-kasalahan.

4 = lentong ampir teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.

3 = aya saeutik kasalahan lentong, tapi masih bisa ditarima.

2 = kasalahan lentong sering, jeung jelas ngaganggu.

1 = loba pisan kasalahan dina lentong.

B. Éksprési

1. Ngajiwaan watek

Aspék nu dipeunteun nya éta kamampuh siswa dina ngaéksprésikeun watek atawa tokoh.

5 = dina ngajiwaan watek tokoh geus alus.

4 = penjiwaan ngadeukeutan sampurna.

3 = aya saeutik kasalahan penjiwaan watek tokoh kana karakter .

2 = kasalahan penjiwaan sering, jeung ngaganggu.

1 = loba pisan kasalahan.

2. Réngkak/péta

Aspék nu dipeunteun nya éta wajar henteuna, jeung cocog henteuna réngkak/péta.

5 = gerak henteu kaleuleuwihi, matak kataji.

4 = pengaturan réngkak ngadeukeutan sampurna.

3 = réngkak kurang tapi masih bisa ditarima.

2 = réngkak kaleuleuwihi, jeung ngaganggu.

1 = réngkak henteu pas jeung karakter tokoh.

C. Mahan eusi

1. Ngajiwaan eusi

Aspék nu dipeunteun nya éta kamampuh siswa dina ngajiwaan hiji carita.

5 = dina ngajiwaan eusi geus alus

4 = penjiwaan eusi ngadeukeutan sampurna

3 = aya saeutik kasalahan

2 = mindeng salah

1 = loba pisan kasalahan

2. Nafsirkeun eusi

Aspék nu dipeunteun nya éta kamampuh siswa dina nafsirkeun eusi carita.

5 = dina nafsirkeun eusi geus alus

4 = nafsirkeun eusi ngadeukeutan sampurna

3 = aya saeutik kasalahan

2 = mindeng salah

1 = loba pisan kasalahan

Pikeun ngayakeun interprétasi luhur handapna kamampuh ngadongéng, diklasifikasikeun saperti dina tabél 3.2. di handap.

TABÉL 3.2
KLASIFIKASI INTERPRÉTASI KAMAMPUH
NGADONGÉNG

Skala	Interprétasi
81 -100	Alus pisan
61 – 80	Alus
41 – 60	Cukup
21 – 40	Kurang
00 – 20	Kurang pisan

3.3. Populasi jeung Sampel

3.3.1. Populasi

Populasi nya éta sakabéh subjék panalungtikan (Arikunto,1989:157). Suyatna (2002:10) ngajéntrékeun yén anu disebut populasi téh nya éta *seluruh objek yang akan diteliti dalam suatu kegiatan penelitian, baik berupa benda, manusia, peristiwa, maupun gejala-gejala yang akan terjadi, jadi populasi adalah semua sumber data yang menjadi objek penelitian.*

Bisa dicindekkeun yén anu disebut populasi téh nya éta sakumpulan atawa sakolompok anu leuwih gedé nu mangrupa sasaran dasar atawa sasaran utama.

Dina ieu panalungtikan nu dijadikeun populasi téh nya éta sakabéh siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung taun ajaran 2006-2007.

3.3.2. Sampel

Suyatna (2002) ngajelaskeun sampel téh nya éta *bagian dari populasi serta dipandang dapat mewakili populasi.* Sedengkeun Arikunto (1989) nétélakeun yén sampel téh nya éta sabagian atawa nu dianggap ngawakilan nu ditalungtik. Tina pedaran di luhur bisa dicokot kacindekan yén sampel téh mangrupa representatif tina populasi.

Dumasar kana wangénan sampel diluhur, dipilih kelas X-5 lantaran jumlah siswana teu jauh béda jeung kelas séjénna sarta kelas X-5 can pernah diajar ngeunaan ngadongéng.

3.4. Nyusun Laporan Hasil Panalungtikan

Kegiatan ahir dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan nu ngawengku rarancang panalungtikan, métode panalungtikan, bahasan jeung kacindekan panalungtikan, nu di aping ku dosén pangaping nu geus di tangtukeun. Hasil kegiatan ieu ngawujud dina wangun skripsi.

